

Marijo

Kesyon Esansyèl: Ki Esperyans ki ka chanje fason yon moun wè tèt li ak lòt bagay nan lemonn?

Ekstrè sa a soti nan yon istwa fiksyon reyalis. Li pale sou yon pèsonaj imajinè ki rele Marijo, ki kontre ak pwoblèm yon moun ka genyen nan lavi tout bon vre.

Marijo se yon fi endepandan ki renmen pase tan l nan jaden pòm fanmi l. Malerezman pou li mond la vire tèt anba lè manman l vin tonbe malad. Paran l yo oblije vann yon pati nan jaden an pou peye swen medikal yo. Sa vle di yo pral koupe pi fò nan pyebwa yo pou fè kay. Li te pase plizè ane ap pran leson lakay li men li vin oblije ale nan lekòl piblik.

Chanjman sa a se te lakòz Marijo fache kont maladi a ak desizyon paran l. Li pran distans ak paran l epi ak lòt elèv nan klas li.

Yon jou apre midi nouvo pwofesè a ki rele, madmwazel B te mande elèv yo pou yo fè lekti paske vwa l pat bon, li pat kapab li. Anpil elèv pat vle li; se konsa pwofesè a te chwazi Marijo pou fè lekti pou klas la. Nan komansman an Marijo te santi l entimide, men li vin pi alèz epi li rive fè lekti byen devan lòt elèv yo.

Esperyans sa a fè li kontan anpil. Pèsistans ak ankourajman pwofesè a te lakòz Marijo te vin chanje. Li te sispann fache sou paran l yo paske yo te voye l nan lekòl piblik. Apre lekòl Marijo te rakonte paran l ki jan jounen an te pase ak kouman li kontan.



1. Èske Marijo se yon karaktè reyèl?
2. Kouman esperyans pou lekti nan klas te ba Marijo yon nouvo pèspektiv sou tèt li ak lòt moun?
3. Kijan chak kote sa yo te afekte konpòtman Marijo? Esplike kijan konpòtman l menm jan ak diferan nan chak kote?
4. Ki esperyans ki ka chanje fason yon moun wè tèt li ak lòt bagay nan lemonn?

